

Alèji manje nan lekòl la

Si pitit ou a gen yon alèji manje ki menase lavi, li enpòtan pou w travay ak enfimye lekòl ou a pou devlope yon plan swen sante endividyèl pou asire yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite. Enfimye lekòl la ap bezwen yon preskripsyon doktè pou yon oto-enjeksyon epinefrin, konsantman paran yo pou administre si sa nesese, ak yon plan aksyon alèji. Enfimye lekòl la ap enfòmè anplwaye lekòl la ki travay ak pitit ou a epi devlope yon plan ki konsantre sou anpeche yon reyaksyon alèjik pandan jounen lekòl la.

